

**NERAPKEUN MÉTODE QUANTUM WRITING DINA NULIS TÉKS
BIOGRAFI DI SISWA KELAS X SMA PASUNDAN 7 BANDUNG TAHUN
PELAJARAN 2021/2022**

ku :

**MIA NUR ISLAMI
185030056**

RINGKESAN

Ieu panalungtikan téh dimotivasi ku kamampuh nulis téks biografi anu masih kénéh kurang. Hal ieu dilantarankeun ku métode pangajaran anu teu merenah ku kituna panulis méré alternatif ku cara ngalarapkeun métodeu quantum writing dina pangajaran nulis téks biografi. Rumusan masalah anu geus dijieun ku panulis nyaéta: kamampuh siswa kelas X SMA Pasundan 7 dina pangajaran nulis téks biografi ngagunakeun métode quantum writing, éfektivitas métode quantum writing dina pangajaran nulis téks biografi di kelas X. SMA Pasundan 7, bédana kamampuh siswa kelas X SMA Pasundan 7 dina nulis téks biografi ngagunakeun métode quantum writing ngagunakeun métode diskusi. Tujuan tina ieu panalungtikan nya éta pikeun nguji kamampuh siswa kelas X SMA Pasundan 7 dina nulis téks biografi ngagunakeun métode quantum writing, pikeun nguji éfektivitas métode quantum writing dina pangajaran nulis téks biografi di kelas X SMA Pasundan 7. pikeun nguji bédana kamampuh siswa kelas X SMA Pasundan 7 dina nulis téks biografi ngagunakeun métode quantum writing dibandingkeun jeung kelas kontrol ngagunakeun métode diskusi. Téhnik ngumpulkeun data dumasar kana observasi jeung té. Sampel anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngagunakeun 2 kelas anu masing-masing kelasna 20 urang. Hasil panalungtikan anu dimeunangkeun ku pangarang nuduhkeun yén kamampuh nulis téks biografi siswa kelas X SMA Pasundan 7 aya dina katégori sae pisan. Ieu dirojong ku data tina rata-rata hasil pratés 22,8 jeung rata-rata postés 68,4. Métode tulisan kuantum éfektif digunakeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis téks biografi. Salian ti éta, métode quantum writing signifikan dina ngaronjatkeun kamampuh nulis téks biografi, hal ieu dibuktikeun ku itungan statistik kalawan uji-t anu nuduhkeun t itung $126 > \text{tabel } 2,093$. Dumasar kana hasil panalungtikan anu dipiharep pangarang, métode quantum writing bisa dijadikeun alternatif dina pangajaran nulis téks biografi di kelas X.

Sanggem kunci: Nulis, Téks biografi, Quantum Writing.